

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Métode panalungtikan mangrupa léngkah nu dilakukeun panalungtik sangkan data jeung informasi bisa kakumpulkeun. Nurutkeun Creswell (2016, kc. 3) métode panalungtikan nyaéta léngkah-léngkah nu dilakukeun pikeun nyangking sagala informasi anu satuluyna ngalaksanakeun talaah data.

Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode déskriptif kalawan pamarekan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan pikeun maham fénoména ngeunaan naon waé nu karandapan ku subjék panalungtikan contona dina paripolah, motivasi, jeung sajabana anu dipaluruh dina wangun basa. Bogdan, R.C. jeung Biklen (1982) ngébréhkeun ciri panalungtikan kualitatif aya lima anu wengkuanana nyaéta latar ilmiah (*natural setting*) minangka sumber data panalungtik sarta mangrupa instrumén utama, panalungtikan kualitatif miboga sipat déskriptif, leuwih ngutamakeun prosés lain hasil, analisis datana leuwih nyindekel sacara induktif, jeung ma'na mangrupa hiji hal nu kudu diudag pikeun pamarekan kualitatif (Semi, 1993, kc. 30).

Métode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun struktur lahir puisi, struktur batin puisi, struktur guguritan, sarta ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina objék panalungtikan.

3.1 Désain Panalungtikan

Nurutkeun John Creswell (dina Raco, 2018, kc. 6) panalungtikan minangka prosés anu dimimitian ku idéntifikasi masalah, medar gurat badag bahan bacaan, ngumpulkeun data, ngolah data, nyusun laporan, jeung ngalaporkeun hasil panalungtikanana. Désain dina ieu panalungtikan ngawengku idéntifikasi masalah, ngumpulkeun data, ngolah data, nyusun laporan panalungtikan, jeung nyindekkeun. Tina ngaidéntifikasi masalah nepi ka nyindekkeun kudu lumangsung sacara sistematis sakumaha dijéntrékeun dina bagan 3.1



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Data

Data nu aya dina ieu panalungtikan nyaéta struktur puisi nu ngawengku struktur lahir puisi (diksi, imaji, kecap kongkrit, majas, jeung purwakanti), struktur batin puisi (téma, nada, rasa, jeung amanat), struktur guguritan nu ngawengku guru lagu, guru wilangan, jeung guru gatra. Salian ti pedaran struktural, panalungtik ogé maluruh ajén kaagamaan nu ngawengku tauhid, ahlak, jeung ibadah dina guguritan *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa.


3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nyaéta subjék ti mana data dicangking. Bisa ogé dihartikeun minangka benda atawa jalma tempat panalungtik merhatikeun, maca, atawa nanya ngeunaan inpormasi nu patali jeung masalah panalungtikan. Informasi nu dicangking tina sumber panalungtikan ieu satuluyna disebut data (Rahmadi, 2011, kc. 60).

Nurutkeun Purhantara (dina Silvi spk., 2021, kc. 4) sumber data dibagi dua nyaéta sumber data primér jeung sumber data sékundér. Data primér nyaéta data nu dicangking langsung tina subjék panalungtikan. Sumber data primér dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan guguritan nu judulna *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa. Sumber data sékunder hartina sumber data nu geus aya dina rupa-rupa wangun contona cutatan-cutatan atawa dokumén. Nu jadi data sékundér dina ieu panalungtikan nyaéta buku-buku tiori sarta jurnal-jurnal nu aya patalina jeung objék panalungtikan.

3.2.2.1 Idéntitas Buku

Sumber data nu digunakeun nyaéta buku nu judulna *Sinom Wawarian* (kumpulan guguritan) karya Haji Hasan Mustapa. Ieu buku téh diterbitkeun ku PT Kiblat Buku Utama dina citakan kahiji taun 2009 kalawan kandel bukuna 56 kaca. Pangarang guguritan ieu téh nyaéta Haji Hasan Mustapa nu diusahakeun ku Ajip Rosidi mangrupa hasil raratan naskah tur ditransliterasi ku Ruhaliah, eusina aya 101 pada dina wangun pupuh sinom.



Gambar 3. 1
Jilid Buku *Sinom
Wawarian*

Judul Buku	: Sinom Wawarian
Hasil Raratan	: Ajip Rosidi
Pangarang Guguritan	: Haji Hasan Mustapa
Pamedal	: PT Kiblat Utama
Taun Medal	: 2009
Kandel Buku	: 56 kaca

Haji Hasan Mustapa gumelar di Cikajang, Garut, 5 Juni 1852, bujangga pangbadagna di Sunda. Mimiti nulis dina mangsa saméméh abad ka-19, tur kungsi dilélér hadiah seni ku Présidén Indonésia salaku “Sastrawan Daérah Sunda” taun 1977, ogé kungsi dilélér pangajén ti Gubernur Jawa Barat taun 1965. Haji Hasan Mustapa ogé dipikawanoh salaku *Hoofd (Penghulu besar)* Bandung dina mangsa kolonial. Di Jawa Barat Haji Hasan Mustapa miboga landihan atawa jujuluk “Bagawan Sirna di Rasa” anu satuluyna dijieun ngaran jalan di Bandung nyaéta jalan Penghulu Haji Hasan Mustapa (jalan PHH Mustapa).

Dina umur 30 taunan, Haji Hasan Mustapa geus ngamimitian nyieun karya tinulis, sok sanajan dina basa Arab jeung kairutna lain kana élmu agama hungkul, ogé kana seni, jeung sastra Arab. Sanggeus aya di Indonésia, Haji Hasan Mustapa kanyahoan nulis deui maké basa Arab dina wangun laporan jeung surat anu dikirim ti Acéh ka Dr. C. Snouck Hurgronje ngeunaan kaayaan Acéh waktu harita jeung ngeunaan kamandang kaagamaanana. Disagigireun éta, Haji Hasan Mustapa pernah nulis maké basa Melayu jeung hurup Latén anu eusina *tanya-jawab* ngeunaan kaayaan Acéh mangsa harita (Rosidi, 1989, kc. 27-30). Tangtu karya tinulis éta dijieun nalika jadi panghulu besar di Acéh (1893-1895). Sanggeus kitu, Haji Hasan Mustapa nulis karya sastra puisi (dangding) dina basa Jawa anu medar perkara tasawuf (kaagamaan). Karya sastra basa Jawa anu dimaksud nyaéta *Mila Ningsung Mider Anderpati* (Asal-Muasal Kuring Teu Robah Teu Sieun Paéh) anu ceuk sababaraha urang sastrawan jeung ahli sastra Jawa miboga ajén sastra nu linuhung

(Rosidi, 1989, kc. 447-492). Sakabéh karangan Haji Hasan Mustapa nu ditulis maké basa Sunda, disusun dina waktu nu patali jeung padumukan di Priangan nalika balik ti Acéh taun 1893. Jumlah karanganna kasebut loba dibandingkeun jeung jumlah hasil karya sastrawan-sastrawan Sunda séjénna anu sajaman. Karangan-karanganna dina basa Sunda éta wangunna aya nu prosa (21 judul) jeung karangan puisi (71 judul). Karangan anu wangunna prosa mangrupa pedaran, tanya-jawab, jeung susuratan (koréspondénsi). Anapon karangan anu wangunna puisi mangrupa dangding.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Aya dua téhnik nu digunakeun pikeun nyangking data dina panalungtikan, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta salah sahiji léngkah nu teu meunang kaliwat dina galur panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data mangrupa prosedur panalungtikan, dina runtuyanna kudu sistematis sangkan data nu diperlukeun bisa dicangking (Arikunto, 2013, kc. 136).

Téhnik nu dipaké dina ngumpulkeun data nyaéta téhnik studi pustaka. Cara gawé téhnik studi pustaka nyaéta ngumpulkeun sumber-sumber atawa nu jadi référénsi bisa mangrupa buku, sarta jurnal anu aya patalina jeung panalungtikan.

Konsép jeung tiori nu jadi dadasar dina ieu panalungtikan nyaéta di antarana: 1) guguritan ngawengku kana wangenan jeung sajarah kamekaranna, 2) guguritan jeung pupuh nu jadi ugeran piken nganggitna; 3) strukturalisme dina wengkuan puisi jeung guguritan; sarta 4) ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina obyék panalungtikan. Sakakabéh éta dumasar buku, jurnal ogé sumber-sumber anu patali jeung panalungtikan.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Miles jeung Huberman (dina Rijali, 2019, kc. 83) ngagambarkeun prosés analisis data panalungtikan kualitatif. Dina ngolah data bisa kaciri nalika nganalisis jeung nyindekkeun data, tuluy milihan data dina konsép nu tangtu, katégori nu tangtu, jeung téma nu tangtu.

Sanggeus data hasil panalungtikan dikumpulkeun, léngkah satuluyna anu kudu dilakukeun téh nyaéta analisis data (ngolah data). Léngkah-léngkah nu kudu dilakonan pikeun ngolah data téh nyaéta:

- 1) ngadéskripsikeun struktur (adegan) guguritan dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa;
- 2) ngadéskripsikeun struktur (adegan) lahir puisi dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa;
- 3) ngadéskripsikeun struktur (adegan) batin puisi dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa;
- 4) ngadéskripsikeun ajén kaagamaan dina buku *Sinom Wawarian* karya Haji Hasan Mustapa;
- 5) nyieun kacindekan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, ngolah data, sarta medar sagala informasi anu ditarima.

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 16), kartu data digital mangrupa salasahiji instrumén nu wangunna tabél, sarta di jerona aya sababaraha kolom nu bakal dieusi data ku panalungtik. Sakabéh data nu ngarojong kana panalungtikan ditulis deui kana kartu data digital sarta dibéré idéntitas. Kartu data struktur digunakeun sangkan ngabantuan panalungtik dina ngumpulkeun, nganalisis data nu patali jeung unsur struktur guguritan dumasar pamadegan Satjadibrata anu ngawengku guru gatra, guru wilangan, jeung guru lagu, struktur lahir puisi, jeung struktur batin puisi. Anapon kartu data ajén kaagamaan dipaké sangkan leuwih babari dina maluruh data nu patali jeung ajén kaagamaan. Dumasar pamadegan Nasruddin Razak ajén kaagamaan ngawengku ahlak, tauhid, sarta ibadah. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta di handap.

1) Kartu Data Digital Ngumpulkeun

Tabél 3. 1
Kartu Data Digital Struktur Lahir Puisi

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Diksi

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Imaji (Panénjo, Pangrungru, Pangrasa, Pangambeu, gerak)

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Basa Figuratif (majas)

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Kecap Kongkrit

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Purwakanti

Tabél 3. 2
Kartu Data Digital Struktur Batin Puisi

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Téma	Keterangan

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Nada (<i>tone</i>)	Keterangan

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Rasa (<i>feeling</i>)	Keterangan

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Amanat (<i>intention</i>)	Keterangan

Tabél 3. 3
Kartu Data Digital Struktur Guguritan

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Guru Wilangan	Keterangan

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Guru Lagu	Keterangan

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Guru Gatra	Keterangan

Tabél 3. 4
Kartu Data Digital Ajén Kaagamaan

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Akhlak

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Tauhid

NO	Kode Data SW/P/Pdl/Kc	Ibadah

Keterangan:

SW : *Sinom Wawarian*

P. : Pada ka-

Pdl. : Padalisan ka-

Kc. : Kaca

Robi Maulana Sidik, 2023

AJÉN KAAGAMAAN DINA GUGURITAN SINOM WAWARIAN KARYA HAJI HASAN MUSTAPA (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) Kartu Data Digital Ngolah

Kartu ngolah data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

Tabél 3. 5
Kartu Data Digital Analisis Deskriptif Struktur Lahir Puisi

Analisis Struktur Lahir Puisi
Diksi
Judul Buku
Pada ka-

Tabél 3. 6
Kartu Data Digital Analisis Deskriptif Struktur Batin Puisi

Analisis Struktur Batin Puisi
Téma
Judul Buku
Pada ka-

Tabél 3. 7
Kartu Data Digital Deskriptif Ajén Kaagamaan

Analisis Ajén Kaagamaan
Tauhid
Judul Buku
Pada ka-

3.5 Prosedur/ Alur Panalungtikan

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan, dimimitian ku nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, sarta métode anu dipaké dina ieu panalungtikan. Sanggeus aya masalahna, tuluy ngumpulkeun data. Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka. Sanggeus dikumpulkeun datana, dianalisis ngagunakeun ulikan struktur puisi nu ngawengku struktur lahir puisi, struktur batin puisi, jeung struktur guguritan nu ngawengku guru lagu, guru wilangan, jeung guru

gatra. Salian ti struktural, panalungtik ogé maluruh ajén kaagamaan nu ngawengku tauhid, ahlak, jeung ibadah dina guguritan *Sinom Wawarian*.

Sanggeus aya hasil panalungtikan jeung pedaranana, panalungtik nyieun kacindekan anu disaluyukeun kana rumusan masalah, udagan, jeung judul dina panalungtikan.